

NGAGUNAKEUN MODEL *DISCOVERY LEARNING* PIKEUN NGARANJATKEUN HASIL BARUDAK ATIKAN DINA TEMA INDAHNYA KEBERSAMAAN SUBTEMA BABARENGAN DINA NU BAREDA

(Panalungtikan Tindakan Kelas pada Barudak Atikan Kelas IV SDN Dukuh 1
Kecamatan Ciasem Kabupaten Subang)

Ku
YETI ABRIANTI
145060181

RINGKESAN

Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK) dipake di SDN Dukuh 1 Kecamatan Ciasem Kabupaten Subang anu subjek panalungtikanna fokus ka murid kelas IV anu jumlah barudak atikana 30 jelema. Panalungtikan ieu dumasar kana hasil pamanggih dina kagiatan observasi anu ngagambarkeun handapna hasil diajar barudak atikan dina subtema Babarengan dina nu Bareda. Panalungtikan ieu ngularapkeun model PTK anu dirinci tina 3 siklus, unggal siklusna ngeunaan tahapan natarhorkeun, ngalarapkeun tindakan, panalungtikan, jeung hasilna. Hasil panalungtikan ieu nunjukeun yen ngaronjatkeun sikep paduli jeung santun jeung hasil diajar barudak atikan anu katembong dinu hasil diajar unggal tes. Terus hasil keur Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) meunang hasil nu gedena siklus I 83,75%, undak dina siklus II nu gedena 87,5% jeung undak tina siklus III nu gedena 95%. Pikeun ngaronjatkeun palaksanaan pangajaran dina ngalaman punjul ti unggal siklusna nyaeta siklus I 88,75%, siklus II 91,25%, jeung siklus III 96,25%. Ngaronjatkeun sikep nu subtema pengajaran sikep paduli nyaeta siklus I 63%, siklus II 75%, jeung siklus III 93,75%, jeng sikep santun sarua nunjukeun ayana kanaikan sikep santun nyaeta nu siklus I 68,75%, siklus II 81,25%, jeung siklus III 93,75%. Sedengkeun pikeun tes pangajaran oge ngalaman undak nyaeta nu siklus I 50%, siklus II 81,25%, siklus III 100%. Hal ieu disababkeun ku model Discovery Learning anu aktif salila pangajaran teh barudak atikan nu diajar sedengkeun anu ngajarna ngan saukur jadi pasilitator. Kasimpulan na tina panalungtikan ieu nyaeta ku ngalarapkeun model Discovery Learning bisa ningkatkeun hasil diajar barudak atika kelas IV SDN Dukuh 1. Ku hal ieu model Discovery Learning bisa nyobaan nganarepkeun model diajar dina materi lianna ti eta sangkan bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran supaya leuwih alus.

Kecap Konci: *Discovery Learning, Hasil Diajar*